

# Pwomès nou fè pou nou pran swen lanati

## Gid refleksyon

Episkopalyen yo ak zanmi nou yo ap transfòme enkyetid yo genyen pou anviwonman an an aksyon, y ap Pwomèt pou nou pran swen sa Bondye kreye. Lè nou fè yon pwomès kon sa, nou fè plis pase mete siyati nou nan yon petisyon—nou chak ap site sa ki gen pou fèt epi di egzakteman sa nou menm nou pral fè dapre sa n ap regle nan lavi nou epi ki sa nou ne pou nou fè nan lavi nou. Kon sa, nou chak dwe reflechi epi pran kèk desizyon pèsònèl sou jan Bondye fè apèl a nou pou nou renmen lòt plis, pou bay tèt nou plis libète, epi pou nou pi anvi kreye lavi nan jan nou viv ak tout sa Bondye kreye.

Gid refleksyon sa a la pou li ede nou nan angajman nou ak Pwomès pou nou pran swen sa Bondye kreye. Chak nan twa seksyon yo—yo rele yo “Meditasyon”—se bagay moun kab fè pou kont yo oubyen an gwoup. Fè lide met sou pye yon gwoup pou fè etid ansanm, oubyen ankouraje moun pou yo reflechi sou sa pandan y ap bwè kafe oubyen lè yo nan etid bibliik, oubyen lè yo lakay yo oubyen lè yo pou kont yo. Pa oblije gen yon lidè; chak moun ki nan gwoup la kab pran tou pa yo pou yo li yon seksyon oubyen gwoup la kab nonmen yon animatè pou yon sesyon oubyen tout sesyon yo. Si gen koze ki fè gwoup la reflechi sou lòt pi gwo kesyon, chache yon moun ki kab pale plis sou sijè a.

Meditasyon yo ap suiv twa pati Pwomès pou nou pran swen sa Bondye kreye:

**Meditasyon 1: Pou nou youn kab RENMEN lòt ...**

**Meditasyon 2: Pou nou kapab LIBERE tèt nou epi lòt ...**

**Meditasyon 3: Pou nou kab BAY LAVI...**

Nan fen chak Meditasyon, ou kab ekri sa ou vle fè pou byen tè a ak tou sa k ap viv sou latè a.

Nan fen gid sa a, gen yon seri priyè pou moun ki ap avanse vin devan pou yo fè pwomès la epi pou yo pataje angajman yo pou yo pran swen sa Bondye kreye yo ak moun ki la yo.

*Yon remèsiman espesyal pou otè prensipal yo Amy Cook ak Caren Miles nan dyosèz Kalifòni an (California), epi pou staf Evèk Alatèt la pou pran swen anviwonman an ak Gwoup espesyal pou travay sou kesyon pran swen anviwonman pou patenarya yo mete sou pye pou yo fè Gid Refleksyon sa a. N ap jwenn tout pwomès dapre vizyon legliz la pou nou pran swen anviwonman an, ak lòt materyèl ankò sou sit sa a: <http://www.episcopalchurch.org/creation>.*

THE *Episcopal* CHURCH 



# Meditasyon I: Pou nou kapab RENMEN lòt ...

## Priyè pou kè kontan nan sa Bondye kreye

Papa nou ki nan syèl la, ou menm ki te chaje latè ak bèl bagay: Ouvè je w pou w kab gade sa men w ki plen gras la nan travay ou yo remèt; kon sa nou kab rejwi nan tout lanati, kon sa nou kab aprann pou nou sèvi wou ak kè kontan, gras ak sila ou te itilize pou w te kreye tout bagay, pitit ou Jezikri Senyè nou an. Amèn.

(Liv Priyè Toulejou yo, p. 814)

## Sòm 19:1-6

Syèl la fè parèt ak lè pouvwa Bondye a.

Li fè wè tou sa Bondye te fè ak men l.

Jounen jodi a rakonte koze sa a bay jounen demen kap vini an.

Lannwit sa a repete l bay lannwit ki vin apre a.

Yo pa pale, yo pa di yon mo. Ou pa tande yon ti bwi.

Men, sa yo di a mache ale toupatou sou latè.

Mesaj yap bay la rive jouk nan dènnye bout latè.

Bondye moute yon kay nan syèl la pou solèy la.

Solèy la menm soti tankou yon nonm ki fèk marye kap soti anndan chanm li.

Li kontan, lap kouri tankou yon gwonèg ki konnen li deja genyen kous la.

Solèy la leve nan yon bout syèl la, li kouche nan lòt bout la.

Chalè li bat sou tout bagay.

## Jòb 12:7-10

Mannye fè ti koze ak zannimo yo, ak zwezo yo.

Yo gen anpil bagay pou yo montre nou.

Bèt kap trennen sou vant va ban nou leson,

pwason nan lanmè va di nou sa yo konnen.

Pa gen youn ladan yo ki pa konnen se

Bondye ki fè tout bagay ak men li.

Bondye gen nanm tout sa ki vivan nan men li.

Wi, lavi tout moun nan men li;

## Refleksyon

*Mwen kanpe nan pwent lanmè a lè solèy pre kouche oubyen lè m anba gwo pye bwa wouj yo, oswa lè m ap respire bon sant yon jaden apre lapli, anpil fwa mwen pap di anyen. Mwen pa gen pawòl ase pou m dekri sa mwen santi oubyen mwen pèdi bon sans mwen nan bèlte ki anviwonnen mwen. Anpil fwa anviwonman toulejou mwen se yon anviwonman ki chaje beton ak asfalt. Mwen kab pase plizyè jou san pye m pa janm pile pousyè. Sèl konpay mwen genyen se 2 chat mwen yo. M al mache nan plas piblik, m al mache bò lanmè, m al mache byen lwen nan forè, oubyen m al travay nan jaden m, se kon sa mwen mete tèt mwen sou menm aliman ak latè, epi pou sa transfòme mwen yon fason pou mwen vin konprann tèt mwen nan yon rapò ak sa Bondye kreye. Gen de lè lanati a si tèlman bèl li si tèlman gran sa emèveye m epi sa fè m reflechi, e si reyèlman mwen pran san mwen, m ap di Bondye, Sèl Mèt, mèsè pou tout bèlte estwòdinè sa a ki antoure m nan epi mwen vin pran plis konsyans jan mwen dwe pran swen tè a, jan mwen dwe pwoteje lè a, ak sous dlo nou bezwen pou nou viv yo.*

## Kesyon pou poze moun apa oswa kesyon pou poze yon gwoup

1. *Ki lè ou te santi sa te twòp pou wou akòz bèlte estwòdinè ou wè nan lanati?*
2. *Ki wòl ou wè w ap jwe nan lanati? Epi ki relasyon ou wè ou genyen ak lanati?*
3. *Moun ki ekri liv Jòb la di bèt yo, zwazo yo, plant yo, ak pwason yo montre kilès Bondye ye?*
4. *Èske ou ka sonje yon moman nan lavi w kote nan kontak ou ak lanati sa montre w yon bagay sou Bondye etan yon Bondye ki kreye lesyèl e latè epi ki bay lavi tou?*
4. *Pandan ou ap reflechi sou rapò ou ak lanati, èske ou rive remake kèk nan kote ou renmen yo vin gate oubyen vin gen yon sèten limit akòz jan moun abize yo? Epi, ki sa k chanje nan yo? Ki jan sa afekte w?*
5. *Ki sa ou ta renmen ki ta rive pou byennèt latè ak lanati nan kominote w la?*
6. *Ki sa ou menm etan yon endividi oubyen manm yon gwoup wè ou kab fè pou w pwoteje bèlte lanati ak koneksyon nou genyen ak tou sa Bondye kreye, kòm yon fason pou nou renmen Bondye epi pou nou suiv chemen Jezikri a?*

### Angajman #1

Etan branch Episkopalyen nan Mouvman Jezikri a epi etan moun ki ap viv nan Chemen renmen an, nou ta anvi evolye nan yon relasyon ak Bondye kote ki gen RENMEN, LIBERASYON, ak yon rapò ki BAY LAVI an koneksyon ak sa Bondye kreye. Nan moman sa a, nou pwomèt pou nou pwoteje epi pou nou renouvle latè beni nou ap viv sou li a. Nou tout ansanm, nou pran angajman nou pou nou fè yon seri aksyon espesifik, paske nou konnen nou kapab reyalize plis bagay lè nou mete tèt ansanm pase lè nou pou kont nou.

*Pou nou kapab renmen lanati:* N ap bay temwayaj nou sou jan nou renmen anviwonman an epi jan sa enkyete nou lè nou wè fason y ap abize latè a, poutèt sa n ap mete ak lòt ki vle pwoteje ekoloji sakre sa a.

Mwen ta renmen montre jan mwen renmen Bondye ak sa li kreye yo. Poutèt sa m ap...

---

---

### Kèk lide pou angajman konkrè

- Anrejistre yon videyo yon minit kote y ap reponn kesyon sa yo: *Ki lè ou te viv yon bèl mèvèy nan sa Bondye kreye? Ki angajman ou pran pou w pwoteje bagay ou renmen yo? Fè yon efò epi afiche videyo a sou yon rezo sosyal. Oubyen imèl li bay: [creation@episcopalchurch.org](mailto:creation@episcopalchurch.org).*
- Fòme yon gwoup pou pran swen anviwonman an nan kongregasyon pa w la oubyen nan dyosèz la oubyen nan kominote w la. *Fè yon efò epi òganize yon gwoup pou n fè demann yon Sibvansyon pou pran swen anviwonman an.*
- **W ap jwenn plis enspirasyon sou sa nan fen gid sa a.**

Ekri angajman w lan sou liny ki genyen anwo a yo. Si w nan yon gwoup ou kapab pataje angajman w lan ak lòt manm yo.

### Priyè final

Bondye ou menm ki bay lavi, ou menm ki kreye tout sa ki ozalantou nou, ou mete nou nan kominote kote k gen moun epi nan yon relasyon ak tout sa ki an vi. Ede nou pran konsyans de prezans ou nan lanati ki ozalantou nou, epi ede nou pran angajman pou nou pran swen tout sa ki an vi sou tè sa a ki frajil la, tè sa a zile kote n ap viv la. Annou youn renmen lòt nan travay n ap fè ansanm pou nou pwoteje anviwonman an, pou jenerasyon k ap vini yo kapab toujou wè travay ou nan syèl la, sou tè a, nan dlo yo. Nan non sila ou itilize pou w kreye tout bagay, Jezikri Senyè nou an. Amèn.

## Meditasyon 2: Se pou nou LIBERE tèt nou epi LIBERE lòt...

### Lapriyè pou jistis sosyal

Bondye ou menm ki tou pisan, ou menm ki te kreye nou pòtre ak ou: Toujou ban nou lagras pou nou konbat sa ki mal epi pou nou pa pran pa nan esplwatasyon; Epi pou nou sèvi ak libète nou an ak tout respè pou li ede nou mentni jistis sosyal nan kominote nou an epi pami lòt pèp sou latè, pou sa kab sèvi yon lwanj pou non wou ki sen. Se pou sa fèt gras ak Jezikri Senyè nou an, ki ap viv ak ou e ki ap dirije ak ou ak Lespri Sen an Jodi epi pou tout tan. Amèn. (Liv Priyè Toulejou yo, p. 260)

### Matye 25:34-40

Jezi di “Aprè sa, wa a va pale ak sa ki sou bò dwat li yo, la di: Vini non, nou menm ki resevwa benediksyon Papa m, vin pran peyi ki te pare pou nou depi lè Bondye tap kreye lemonn lan. Mwen te grangou, nou ban m manje; mwen te swaf dlo, nou ban m bwè. Mwen te lwen peyi m, nou te resevwa m lakay nou. Mwen te toutouni, nou te ban m rad. Mwen te malad, nou pran swen m; mwen te nan prizon, nou vin wè mwen. Lè sa a, moun ki te fè byen yo va reponn li, ‘Mèt, ki lè nou te wè ou grangou pou n te ba ou manje? Ki lè nou te wè ou swaf dlo pou nou te ba ou bwè? Ki lè nou te wè ou lwen peyi ou, pou nou te resevwa ou lakay nou? Osinon toutouni, pou n te ba ou rad? Ki lè nou te wè ou malad, osinon nan prizon, pou n te al wè ou? Wa a va reponn yo: Sa map di nou la a, se vre wi: chak fwa nou te fè sa pou youn nan pi piti pami frè m yo, se pou mwen nou te fè li.’”

### Ezayi 42:5-9

Sa se pawòl Bondye, sèl Mèt la, ki kreye syèl la epi ki louvri l anwo tèt nou, li menm ki fòme tè a avèk tou sa kap viv sou li, li menm ki bay tout moun kap mache sou latè souf lavi, li pale, li di kon sa:

Se mwen menm, Senyè a, ki rele ou. Mwen ba ou pouvwa pou mete jistis kanpe sou latè. Mwen pran men ou. Mwen fòme ou, mwen mete ou pou pase yon kontra ak pèp la, pou m bay tout nasyon yo limyè.

Wa louvri je avèg yo. Wa fè prizon yo soti nan prizon. Wa libere sa ki nan kacho kote ki fè nwa a.

Se mwen menm ki Senyè a, se kon sa yo rele m. Mwen pap bay yon lòt bondye pouvwa mwen an. Mwen pap kite yo bay idòl yo lwanj ki pou mwen an.

Gade! Tou sa mwen te di kap rive rive vre. Mwen pral di nou lòt bagay ki gen pou rive.

Mwen pral fè nou konnen sa anvan menm sa rive.

### Refleksyon

*Nan Matye 25, Jezi mande disip li yo vre pou yo kanpe bò kote sa ki pi vilnerab yo nan sosyete a, paske nenpòt lè nou fè sa, se tankou se bò kote Jezikri nou kanpe. Leplisouvan, legliz konn konprann pasaj sa a vle di bay sa ki grangou manje, bay moun ki pa genyen rad, rad pou yo met sou yo epi vizite sa ki malad oubyen sa ki nan prizon. Ki sa nou panse de moun k ap viv nan zile pasifik yo ki ap pèdi kay yo akòz de nivo dlo lanmè k ap monte? Ouswa ameriken natif natal yo ki ap pèdi resous manje yo ak fason yo te konn viv la akòz de glasye polè yo ki ap fonn epitou akòz de petwòl y ap fouye pou yo jwenn anba dlo? Epi e kesyon kèk katye kote anpil moun gen opresyon ouswa dlo moun ap bwè a sal.*

*Achevèk Desmond Tutu prezante problèm nan ak bon rezònman nan Premye koze nan “bib” Moun k ap defann anviwonman:*

Se pou nou kòmanse aji depi kounye a epi pou nou reponn prezan devan obligasyon moral nou yo. Sa ki pòv yo ak sa ki vilnerab yo se fanmi Bondye yo ye tou epi se yo ki pi vit sibi anba sechrès, gwo chalè, inondasyon nan vil kotyè yo, ak lòt evènman atmosferik yo pa kab predi akòz chanjman klimatik yo. Nou menm, ki ta dwe ki ap voye je, ki gen bon sans responsablite nan pwoteje sa ki vilnerab yo, planèt nou abite a ki frajil la, se nou menm ki neglijan nan fason nou itilize resous natirèl yo nan konsome sèten resous moun pa kab ranplase yon fason vaykevay. Nou gen kont pou nou rann bay fanmi Bondye a. Depi nou kòmanse ap viv yon fason ki nan avantaj tout moun nan fanmi Bondye a, nou ap viv yon fason ki ap pwoteje anviwonman an tou.

### Kesyon pou yon moun oubyen yon gwoup

1. *Ki sa ou konnen de difikilte ki an fas moun ki vilnerab yo toupatou sou latè akòz de chanjman klimatik epi jan y ap detwi anviwonman an?*
2. *Ak Matye 25:34-40, ki sa ou panse Jezi ta di osijè sila ki ap pèdi tè zansèt yo epi pèdi mwayen pou yo degaje yo akòz (gwo) chanjman nan anviwonman an?*
3. *Lè w sonje zòn kote w ap viv la, èske ou okouran kèk sikonstans kote moun gen difikilte akòz lè y ap respire a, akòz dlo yo bwè a oubyen akòz tè a ki polye? Èske ou konn nan sitiyasyon sa yo tou, ou menm pèsònèlman?*
4. *Kouman ou panse Bondye kab fè apèl a wou pou w devlope yon rapò ak moun nan zòn sa yo epi ak lòt moun toupatou sou latè, moun ki pi vilnerab devan chanjman klimatik ak destriksyon anviwonman an?*
5. *Ki sa ou menm oubyen yon gwoup kapab fè pou nou ede moun ki ap souffri akòz efè polisyon nan anviwonman an ak chanjman klimatik?*

### Angajman #2

Etan branch Episkopalyen Mouvmant Jezikri a epi etan yon pèp ki ap viv dapre Chemen renmen an, nou ta anvi evolye pou youn RENMEN lòt, pou nou LIBERE TÈT nou epi lòt tou, nan yon relasyon ak sa Bondye kreye yo ki BAY LAVI. Nan mouvmant ijan sa a, nou pwomèt pou nou pwoteje latè epi pou nou renouvle latè beni sa a nou abite sou li a. Nou tout ansanm, nou pran angajman pou nou fè aksyon espesifik, an konseyan nou kapab fè pi plis toujou nan tèt ansanm pase lè nou pou kont nou.

*Se pou nou LIBERE tèt nou ak lòt tou:* Nou pral kore moun ki pi vilnerab yo devan efè danjere degradasyon nan anviwonman an ak chanjman klimatik yo, moun tankou – fi, timoun, moun pòv, katye moun ki pa blan, refijye epi imigran yo,

Piske mwen vle kanpe an solidarite ak frè m ak sè mwen yo, espesyalman sa k ap sibi akòz degradasyon nan anviwonman epi akòz chanjman klimatik yo, Men sa m ap fè...

---

#### Kèk lide pou angajman konkrè

- Enskri non wou pou avètisman Rezo Politik Piblik Episkopal la ap bay sou sit sa a: <https://advocacy.episcopalchurch.org>. Fè yon efò epi antre nan kòz jistis pou anviwonman pou yon koze ki enterese wou.
- Chache aprann plis bagay sou yon fason espesifik chanjman klimatik oubyen degradasyon nan anviwonman an ap afekte moun ki tou pre w yo. Fè yon efò epi koute jan moun nan vwazinay ou yo ap souffri epi chache jwenn yon fason pou w antre nan solidarite ak yo.
- **W ap jwenn plis lide nan fen gid sa a.**

Ekri kòmantè w yo sou liny ki anwo a yo. Si w nan yon gwoup, pale yo de angajman ou pran an pou w yon moun k ap LIBERE lòt moun an menm tan tou angajman ou pran pou w RENMEN lòt.

### **Priyè final**

Bondye Papa, ou menm ki tou pisan, nan ban nou pouvwa sou bagay ki sou latè, ou fè nou tounen konpayon w nan sa ou kreye yo: Ba nou bon konprann ak respè pou nou kapab itilize resous natirèl yo, yon fason pou pèsonn pa souffri akòz jan n ap abize resous sa yo epi pou lòt jenerasyon k ap vini yo kapab kontinye fè lwanj pou wou pou tout sa ou ba yo, gras ak Jezikri, Senyè nou an. Amèn.. (Liv Priyè Toulejou yo, p. 827)

## Meditasyon 3: Se pou nou BAY LAVI ...

### Premye priyè

Ba nou tout yon respè pou latè etan pwòp bagay ou kreye, kon sa n ap kab itilize resous li yo kòrèkteman pou nou sèvi lòt moun nan lwanj ou ak glwa wou. Amèn.. (Liv Priyè Toulejou yo, p. 388)

### Ezekyèl 34:17-19

Pou nou menm, mouton m yo, men sa mwen menm, Senyè sèl Mèt la, mwen voye di nou. Mwen pral jije nou chak. M ap mete bon yo yon bò, move yo yon bò, belye mouton yo yon bò, bouk kabrit yo yon bò.

Genyen nan mitan nou, se yo ase ki pou manje pi bon zèb yo. Men, sa pa kont yo toujou. Se pou yo pilonnen anba pye yo sa ki pa manje yo. Se yo ase ki pou bwè bèl dlo fre. Men sa pa kont yo toujou, fòk yo sal rès dlo a ak pye yo.

Kon sa, rès mouton m' yo blije manje zèb lòt yo te pilonnen anba pye yo. Yo blije bwè rès dlo lòt yo te sal ak pye yo.

### Ròm 8:18-23

Pou mwen, nou pa ka konpare sa n ap souffri kounye a ak bèl bagay Bondye pral fè nou wè yo.

Tout kreyasyon Bondye a ap tann kon sa ki lè pitit Bondye yo va parèt.

Paske, tout kreyasyon an te tonbe pa fòs anba pouvwa bagay ki pa vo anyen an. Se pa paske li te vle l, men se akòz moun ki te vle l kon sa. Men, li te toujou gen espwa, yon lè la delivre anba esklavaj pouvwa k ap gate l la, pou l ka jwi bèl libète pitit Bondye yo.

Wi, nou konn sa: jouk jodi a, tout kreyasyon an ap plenn, l ap souffri tankou yon fanm ki gen doule tranche. Epi se pa li menm sèlman. Nou menm tou ki resevwa Sentespri Bondye a tankou premye kado Bondye fè nou, n ap pouse gwo soupi nan kè nou pandan n ap tann Bondye fin fè nou tounen pitit li nèt, fin delivre kò nou yo.

### Refleksyon

*Konsekans nou pa atann se yo ki pi mal. Pa gen youn nan nou ki ta renmen pile yon lòt oubyen al frappe ak yon lòt moun pandan n ap mache nan lari a oubyen polye sèl sous dlo ki genyen an pou kèk santèn kilomèt. Men sa fèt. Nou fè moun tò san se pa fòt nou, nou achte oubyen nou benefisye de aksyon lòt moun ki detui sa Bondye kreye.*

*Tankou ti jennjan oubyen ti jenn fi maladwa pye yo twò gwo pou kò yo, oubyen tankou mouton ki pa gade kote yo ap mache ouswa yo pa gade ki kantite labou ki gen nan sabo yo, leplisouvan nou mache nan lavi a san nou pa konsyans ki enpak chwa nou fè yo genyen sou sa ki ozalantou nou sou latè. Men Bondye mande nou pou nou viv ak lide, pou nou reveye epi pou nou gade relasyon ki egziste ant konpòtman nou ak lavi lezòt. Jan Jezikri viv la se yon fason fè chwa fondamantal pou li pran yon santye ki gen jantiyès, ki gen imilite, e ki menm gen sakrifis kon sa pou plis moun epi plis bagay Bondye kreye kapab viv epi gaye toupato. Chemen Jezikri a envite nou pou nou elaji sèk sa ki konsène nou yo, soti sou nou menm ak fanmi nou ak zanmi nou rive sou etranje epi sou tout sa Bondye kreye.*

*Bon nouèl la sèke nou pa pou kont nou nan angajman sa a. E menm lè nou ap debat pou nou pran swen moun k ap viv pre nou, Pòl fè nou sonje nan liv Women an tout lanati mete tèt ansanm ak nou nan batay la. Bondye ban nou travay redanmsyon an ak liberasyon an, yon travay ki mande tan ak pasyans, dilijans ak pèsèverans. Sa mande pou nou fè chanjman nan pwòp mòd pa nou, nan viv senp, nan viv ak imilite, e pi nan okipe mwens espas sou tè a. Men nou pap fè sa pou tèt nou sèlman ni nou nou pap fè sa pou kont nou. Nou fè sa pase n konnen nou tout nou koud ansanm ak tout sa Bondye kreye—nou tout ap chache manyen tout majeste Bondye a ansanm.*

## Kesyon aksyon pou yon moun oubyen pou yon gwoup

1. Dènye fwa ou te fè yon moun ditò san se pat fòt ou, kouman out e prezante l eskiz ou? Kouman ou korije sa? Èske ou te fè yon jan pou li padone w? Ki sa ou te fè pou sa pa janm refèt ankò?
2. Èske ou enskri non w nan 'Carbon Tracker' deja? Al sou sit sa a pou w wè <http://www.diocal.org/climate>.
3. Depi w fin enskri 'Carbon Tracker': Ki sa ou aprann sou kantite kabòn ou emèt? Èske kantite sa a te siprann ou? Pou ki sa oubyen pou ki pa?
4. Ki twa bagay ou kapab fè nan semèn k ap vini an pou w gen mwens enpak negatif sou anvivonman ki ozalantou w la?
5. Ki twa bagay ou kapab fè ane sa k ap vini an pou w viv pi senp, ak plis imilite, epi pou w pa abize tè a?

## Angajman #3

Etan branch Episkopal nan Mouvmman Jezikri a epi etan moun k ap viv selon Chemen renmen an nou ta renmen evolye nan RENMEN, nan LIBERE tèt nou avèk lòt moun epi nan devlope yon relasyon ki BAY LAVI ak tout sa Bondye kreye. Nan moman ijan sa a, nou pwomèt pou nou pwoteje latè epi pou nou renouvle li tou pou tout moun ki abite sou tè a. Nou tout ansanm, nou pran angajman pou nou fè yon aksyon espesifik, nou konnen nou kab reyalize plis lè nou met tèt ansanm pase lè nou pou kont nou.

*Se pou nou BAY LAVI: N ap chanje abitud nou yo ak chwa nou yo pou nou viv yon fason ki pi senp, ki mande plis imilite, epi ki mande pou nou abize tè a.*

Piske mwen vle chanje mòd vi pa m pou devlopman pa m makònen ak devlopman latè, men sa m ap fè...

---

---

### **Kèk lide pou angajman konkrè:**

- Sèvi ak 'Carbon Tracker'; Al sou sit sa a [www.diocal.org/climate](http://www.diocal.org/climate). Fè yon efò epi ankouraje tout manm nan kongregasyon w lan pou yo enskri nan 'Carbon Tracker' pou yo kab konnen ki kantite kabòn y ap emèt.
- Chanje fason ou manje, konsome mwens vyann epi redui kantite manje moun lakay ou yo manje. Fè yon efò pran angajman pou w gen yon bi tankou pase yon jounen san manje vyann.
- Chanje fason ou konsome resous ou yo nan repare yo oubyen nan itilize yo pou yon lòt bagay olye nou achte sa ki nèf.
- **W ap jwenn plis lide sou koze sa a nan fen gid sa a.**

Ekri angajman ou yo pou w BAY LAVI sou liny ki anwo a yo. Si w nan yon gwoup rakonte lòt manm yo angajman ou pran an ansanm ak angajman ou pran yo pou RENMEN lòt epi pou LIBERE tèt ak lòt moun tou. Kounye reflechi sou ki kantite sipò w ap bezwen pou w kenbe pwomès ou a epi pou w kontinye enterese nan ministè Pran swen sa Bondye kreye yo. Si w nan yon gwoup, chache met tèt ansanm pou nou decide ki jan youn ap sipòte lòt nan chache fè angajman sa yo dire.

## Priyè final

Bondye, ou menm ki kreye tout bagay, ou mande nou pou nou gen yon relasyon ak lòt moun etan moun ki kreye bagay sou tè a ansanm ak ou. Nou wè jan latè fragil epi jan yo ap detwi li ak tout sa ki sou li, e nou ta renmen chanje sa. Montre nou kouman pou nou viv lavi fizik nou yon fason ki pou elaji nanm nou, epi ki pou evolye rapò nou gen ak ou a epi pou sa ranfòse li tou. N ap mande w tout sa nan non Jezikri, li menm ki kapab fè plis pase nou tout epi depase imajinasyon nou, Jezikri. Amèn.



## Angajman n pou n kenbe pwomès pou n pran swen sa Bondye kreye

*Endividi oubyen gwoup oswa gwoup ki te patisipe nan refleksyon ak angajman an yo ap kanpe devan kongregasyon epi devan moun k ap dirije a ak pwomès yo pou yo pran swen sa Bondye kreye.*

**Dirijan an:** Etan branch Episkopal Mouvman Jezikri a epi etan moun ki ap viv daprè Chemen renmen an, nou ta renmen evolye nan yon relasyon renmen, liberasyon epi yon relasyon ki bay lavi nan rapò nou ak Bondye ak lòt moun epi ak sa Bondye kreye. Nan moman ijan sa a, moun sa yo vini pou yo fè yon pwomès pou yo pwoteje epi pou yo renouvle latè beni ak tout sa ki sou li. Yo pran angajman pou yo fè kèk aksyon espesifik, epi yo konnen legliz ann aksyon ansanm ap toujou akonpli plis pase sa yo kab fè pou kont yo.

**Gwoup la:** Etan moun k ap suiv Jezikri kòm moun ki renmen Bondye ak tout sa Bondye kreye, nou vin pwomèt pou nou pran swen sa Bondye kreye devan w epi devan kongregasyon an. N ap mande Bondye pou li beni nou nan pwomès nou fè pou fè latè reziste epi nou renouvle li ak tou sa k ap viv sou li.

**Dirijan an:** Èske ou ap bay temwayaj ou sou renmen ou gen pou latè ak sa ki enkyete w pou li epi èske w ap etabli kontak ak lòt moun ki ta renmen pwoteje tè a ak ekoloji sakre nou an?

**Gwoup la:** N ap fè sa.

**Dirijan an:** Èske ou ap kanpe an solidarite ak moun ki pi vilnerab yo devan efè danjere degradasyon anvivonman an ak chanjman klimatik, moun tankou fi, timoun, moun pòv, kominote ki pa moun blan, refijye ak imigran?

**Gwoup la:** N ap fè sa.

**Dirijan an:** Èske ou ap chanje jan ou viv ak chwa w ap fè yo pou w kapab viv yon vi ki pi senp, ki gen plis imilite epi ki abize tè mwens?

**Gwoup la:** N ap fè sa.

**Dirijan an:** Epi nou menm ki temwen pwomès yo èske n ap priye pou frè ak sè nou yo sou chemen Jezikri a, epi èske n ap chache lòt fason nou kapab devlope lòt konpòtman ki ap ede tout sa Bondye kreye devlope byen devlope?

**Kongregasyon an:** N ap fè sa.

**Dirijan an:** Bondye, ou menm ki kreye tout bagay, o kòmansman ou te fè tout bagay epi ou te mete yo an mouvman kote youn depann sou lòt tankou yon kominote. Ou ba nou yon apèl pou nou okipe epi pou nou pran swen tout sa w kreye epi tout èt vivan ki egziste yo. Ban nou bon konprann, fòs ak kouraj epi kè kontan nan ministè nou pou nou pran swen tout sa w kreye. Gide nou pou nou pran bon desizyon non sèlman pou tèt nou men pou tout ekosistèm sa a. Epi montre nou fason nou kapab etabli yon relasyon ki gen plis renmen, plis liberasyon epi plis tandans bay lavi ak ou, ak vwazen nou yo, epi ak latè ou te fè a epi ou renmen an. Tout bagay sa yo nou mande w yo nan non Jezikri ak pouvwa Lesprisen an. Amèn.

## Kèk lòt lide pou angajman pèsònèl pou nou pran swen lanati

Yo endike rezolisyon yo te pran nan Konvansyon Jeneral Legliz Episkopal la an 2018 la ant parantèz (paregzanp, A011, B027). Chèche tèks rezolisyon an sou sit sa a: <https://www.generalconvention.org/legislative-information-gc2018>.

### Pi plis lide sou yon relasyon ak sa Bondye kreye gras ak RENMEN nan kè n

- Etabli yon relasyon ak lòt moun ki fou pou yo pran swen sa Bondye kreye, kit se nan kongregasyon w lan, nan vil ou abite a, nan eta w ap viv la, oubyen nan tout legliz la (A008).
- Aprann bay temwayaj ou gras ak pwojè bay temwayaj Kominote tout Moun Renmen an ([www.episcopalchurch.org/storysharing](http://www.episcopalchurch.org/storysharing)) ak Apèl pou transfòmasyon ([www.calledtotransformation.org](http://www.calledtotransformation.org)), pou sa kapab ede w prepare pou bay temwayaj sou jan ou renmen sa Bondye kreye.

### Pi plis lide sou devlope yon relasyon ant nou menm ak lanati ki LIBERE moun

- Konbat mantalite rasis, mantalite seksis ak mantalite klas sosyal nan domèn anviwonman an nan kominote w la oubyen lòt kote (A011, B027).
- Chache konn kichòy sou Akò Pari ak Konvansyon Nasyonzini an sou chanjman klimatik, epi sipòte Akò Pari a nan nivo Eta a, nan nivo rejyonal epi nan nivo lokal (A018, C008).
- Defann kòz k ap pwoteje moun ki vilnerab/tè/bèt, espesyalman nan Refij Nasyonal pou bèt lib nan zòn Atik Glasyal la (Resolution X023).
- Anpeche yo fè ekstraksyon ki ap fè kominote yo ditò oubyen ki ap detwi anviwonman natirèl la. (A011).

### Pi plis lide sou devlope youn relasyon ki BAY LAVI ak sa Bondye kreye

- Sipòte gwoup k ap itilize 'Carbon Tracker' a sou sit sa a [www.diocal.org/climate](http://www.diocal.org/climate) (C008)
- Vini ak materyèl pou ede lòt yo viv yon vi ki pi senp, ki gen plis imilite epi ki pa abize lanati nan kongregasyon w lan.
- Pomouvwa desizyon pou moun reflechi sou sa y ap manje nan nivo lokal, epi pou moun pran desizyon kòrèk sou agrikilti ki dirab (C049).
- Sipòte kesyon taks sou kabòn moun emèt la epi redui kantite kabòn moun ap emèt yo (A014, C020).
- Mande dirijan dyosèz ou a pou yo veye enèji dyosèz la ap itilize epi rapòte sa nan rapò pawasyal la, epi pomouvwa itilizasyon enèji ak dlo ki efisyan nan tout legliz (C039, A213).
- Chache konn kichòy sou Akò Pari a ak Konvansyon Nasyonzini an sou chanjman klimatik, epi sipòte Akò Pari a nan nivo Eta a, nan nivo rejyonal epi nan nivo lokal (A010).
- Ankouraje moun k ap fè agrikilti rejenerativ, konsèvasyon biyodivèsite, ak restorasyon ekolojik (D053).
- Ede zòn ou a fè yon tranzisyon pou l sèvi ak enèji ki pa polye anviwonman, ankouraje moun byen jere sa Bondye kreye yo gras ak pwopriyete legliz la menm (D081, D053).
- Ankouraje moun k ap pwòpte lanmè a epi elimine boutèy dlo an plastik nan aktivite legliz oframezi (C063).
- Ede legliz ou a depann de enèji ki renouvlab epi pou yo kenbe yon dosye sou investisman ak divestisman nan sous enèji ki baze sou chabon, petwòl, oubyen gaz natirèl (A020, C021).
- Chache konn kichòy sou pwòpte lanmè a, sou delimitasyon ant kouran dlo, epi sou dlo kòm sa moun gen dwa a li (B025, C063).